**Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме-китапхана орайы**

# «Милиий мийрасымыздың жан күйери»
# Қаллы Айымбетов 110-жаста

**Нөкис 2018ж.**

Кирисиў

Әдебиятшы алым, филология илимлериниң докторы, профессор, миллий фольклор илиминиң тийкарын салыўшы, атақлы ағартыўшы орфографиямызға ең дәслепки ҳәрип таңлаўдан баслап, мәдениятымыздың усы бүгинги дәрежесине шекем салмақлы үлес қосқан көп қырлы талант ийеси Қаллы Айымбетов быйыл 110-жасқа толады.

Бул сәне Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме-китапхана мәкемелеринде кеңнен белгиленбекте. Усы мүнәсибет пенен Мәлимлеме китапхана орайының илимий методика бөлими тәрепинен шайырдың бул юбилейине арналып **«Миллий мийрасымыздың жан күйери»** атамасында методикалық қолланба ислеп шығылмақта. Бул қолланбамыздың биринши бөлимин **«Халық даналығының тийкарын салыўшы»** делинип бул жерде Қаллы Айымбетовтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызметлери ҳаққында сөз жүритиледи. Екинши бөлимде **«Қарақалпақ фольклорының дарғасы»** деп аталып китап оқыўшылар менен ушырасыў ҳәм еслеў кешесиниң методикалық жол-жобасы берилген. Үшинши бөлимде китапханаларда шөлкемлестирилетуғын **«Фольклористикамыздың белгили ғайраткери»** атамасында китап көргизбесиниң методикалық жол-жобасы ҳәм соңында пайдаланған әдебиятлар дизими берилген.

## «Халық даналығының тийкарын салыўшы »
## (Қаллы Айымбетовтың өмири ҳәм дөретиўшилиги)

Қаллы Айымбетов 1908-жылы Шымбай районының Аралбай аўылында туўылған. Ол жүдә жас ўақтынан баслап-ақ ата-анасынан айрылып, турмыс қыйыншылығын тартып, Шымбайдағы балалар үйинде тәрбяланған. Қ. Айымбетов 1925-1929-жыллары Төрткүлде ашылған муғаллим кадрларын таярлайтуғын педагогикалық техникумды окып питирген. Мине, усы жыллардан баслап, оның илимди ийелеўге болған ықласы күннен-күнге артып барды. Ол 1929-жылы «Балалар әлипбеси» сабақлығын көлеми бес баспа табақтан ибарат болған китапты Төрткүлде баспадан шығарған.

Қаллы Айымбетов Төрткүлдеғи балалар үйинде тәрбияшы болыўдан Қарақалпақстан областының әдебият баспасының баслығы, Қарақалпақстан этнографиялық фольклорлық экспедициясының қатнасыўшысы болды. Бул енди әдебият илими майданында өзиниң бар күшин, ғайратын көрсетиўге бел байлаған жыллары еди. Усы мақсет, пикир оны Алма-Атадағы педагогикалық институтының әдебий-лингвистикалық бөлимине оқыўға алып барады. Бул институты 1933-жылы табыслы тамамлап, туўылып өскен елине келип, 1935-жылға шекем Төткүлдеги илим-изертлеў институтында аға илимий хызметкер ўазыйпасын атқарған, көп ғана фольклорлық шығармаларды баспадан шығарыўға таярлаған. 1935-1936-жыллар

аралығында Москвадағы «Учпедгиз»диң редакциясында ислейди. Кейин 1938-жылы Төрткүлдеги баспаның бас редакторы, 1940-1941-жыллар аралығында областлық партия комитетиниң лекторы болып жумыс ислеген. Қ. Айымбетов 1942-1947 –жыллар аралыгында совет армиясы қатарында хызмет ислейди. 1947-1948-жылға шекем Нөкис қаласындағы тил ҳәм әдебият институтының илимий бөлими бойынша директордың орынбасары, 1948-1950-жыллары Қарақалпақстан АССРы мәденият ислери бойынша басқарыўшы жумысын атқарып келген. 1950-1951-жыллары Нөкистеги педагогикалық институтының қарақалпақ әдебияты кафедрасы басқарыўшысы, 1951-1953-жылларда Нөкис қаласындағы Өзбекстан Илимлер Академиясының Нөкистеги экономика ҳәм мәдений институтында қарақалпақ тили ҳәм әдебияты секторын басқарып, 1953-1955-жылға шекем Нөкис педағоғикалық институтында қарақалпақ әдебияты кафедрасын басқарған. Қалли Айымбетов қарақалпақ аўыз еки әдебиятын оғада қыйын, аўыр машақатлы жылларда излеген. Биринширлерден болып халық дөретпесин жазып алыў, топлаў ҳәм оны илимий тийкарында үйрениўге мәртлик пенен кирискен уллы алым болып есапланады. Қаллы ағаның жыйнаўшылық ҳәм изертлеўшилик хызметлери арасында Қорқыт ата, Сыпыра жыраў, Жийен, Халмурат, Шаңқай, Қазақбай, Бекмурат, Нурабылла, Ерполат, Әбдирасули бақсылардың ҳәм Қоразбек, Сейпулла, Сыдық, Әбдиқадир, Мәўлик, Зулабий усаған қыссахан-шайырлардың өмир жолы, атқарыўшылық хызметлери жазып алынып, баспа сөзде жәрияланған.

Қ. Айымбетов 1937-жылы қарақалпақ халық дәстанлары «Едиге» менен «Алпамыс»ты биринши мәртебе Москвада қарақалпақ тилинде баспадан шығарды. 1956-жылы «Қарақалпақ драматурғиясының очерклери» деген темада кандидатлық жумысын ҳәм 1965-жылы «Қарақалпақ жыраў-бақсыларының репертуарлары» дегeн темада докторлық илимий жумысларын табыслы қорғады. Усы мийнетлериниң жемиси сыпатында оның 1963-жылы «Қарақалпақ драматургиясының очерклери», 1968-жылы «Халық даналығы», 1977-жылы «Қарақалпақ фольклоры», 1978-жылы «Қарақалпақ нақыл-мақаллары» китаплары баспадан шықты. Оның жигирма бес жылдан артық өмири Ташкент, Москва ҳәм Алма-Ата қалаларында жоқары билим ийелеўге сарыпланған. Қалли ағаның алған теориялық билими ҳеш кимнен де кем болмаған. Себеби, ол Сейфулғабит Мәжитовтан кейинги 1929-жылы биринширлерден болып «Еғеделер (үлкенлер) ушын сабақлық» жазған алымларымыздан болып табылады.

Қ. Айымбетовтың Қарақалпақстанның мәдений ағартыў тараўларындағы мийнетлери де үлкен. 1947-жылдан баслап Қарақалпақстан Республикасының көркем өнер ислери бойынша комитет баслығы болып ислеў менен бир қатарда Қарақалпақстан драматургиясының тарийхы бойынша ең биринши диссертация жазды. Қ. Айымбетов 20-жыллардың ақырында қарақалпақ фольклоры бойынша экспедиция шөлкемлестирип, 1929-жылы Ерполат жыраўдан «Едиге» дәстаның ҳәм Каражан бақсының айырым қосықларын жазып алған. Ал, 1930-жылы Алма-Атаға оқыўға барып

Мухтар Әўезов ҳәм Сәкен Сейфуллинлер менен ушырасады. 1933-жылдан баслап профессор А.А. Соколов басшылығындағы экспедиция менен биргеликте Шымбайда Өгиз жыраўдан «Алпамыс» ты, Төре жыраўдан «Мәспатша» ны жазып алған. Қалли аға халық шайырлары Аяпберген ҳәм Аббаз ағалар менен де тап усы жыллардан баслап жақыннан танысқан. Қ. Айымбетов белгили жазыўшы - әдебиятшыларымыз болған Нәжим Дәўқараев ҳәм Асан Бегимов пенен бирге Алма-Атада оқыған. Сол ушын да белгили үш әдебиятшының илимий-дөретиўшилик өмири Москва алымлары менен әдеўир байланыста болғанлығы ушын да ол рус алымларының мийнетлеринде көбирек тилге алған. Мәселен, ол «Өткен күнлерден елеслер» китабында атап өткен, 1935-жылдан баслап Москвада академик А.Н. Смайлович ҳәм академик В.М. Жирмунскийлер менен ушырасқан. Бул ҳаққында В.М. Жирмунскийдиң «Тюркский героический эпос», А.Н. Смайловичтиң «Түркий әлипбе» мийнетлеринде де жазылған. Соның менен биргеликте Қалли аға көрнекли рус алымлары С.Е. Малов пенен 1930-жылы, А.А. Соколов пенен 1933-жылы, С.П. Толстов пенен 1934-жылы ҳәм П.П. Иванов пенен 1939-жылы Төрткүл, Нөкис, Шымбай қалаларында ушырасқан. Олар менен биргеликте илимий экспедицияларда қатнасқан. Ҳәтте Қалли аға 1934-жылы С.П. Толстов пенен бирге биринши қарақалпақ миллий тарийхый музейин шөлкемлестириўге тийкар салған.

Сол ушын да Қалли аға өзиниң соңғы еске түсириўлеринде пикирлерин айтады: «20-30-жылларда жаңаша қәдем таслаган Қарақалпақстан илими, оның мәдений тарийхы, көркемлик дүньясы, дәўирге болған ҳаўазы, материалы ҳәммеси фольклор менен байланыслы еди. Халық дәстанлары «Алпамыс», «Ғәрип ашық», «Қырық қыз» ең сүйикли драмаларымызға айланды. Бәлки сол ушын да мениң кандидатлық жумысым драматургияға бағышланған болыўы керек»,- деп жазған. Бул да шын мәнисинде орынлы пикир. Лекин, Қалли аға өз өмиринде ҳақыйқый фольклоршыдан болады. Ол көп ғана фольклорлық мәдений мийрасларды ядында сақлаў укыбына ийе болған. Әсиресе, нақыл-мақал, толғаў, аңыз, күлдирги сөзлер, анекдотлар Қалли ағаның сүйикли жанрлары еди. Дәстанлардан «Алпамыс» пенен «Едиге»ни ядтан билген. Қ. Айымбетов қарақалпақ фольклористикасында орны гиреўли үлкен илимпаз. Фольклор туўралы әўели халық аўыз әдебиятың жыйнаўдан баслап, оның екинши үлкен саласы фольклорды изертлеў, илимий жуўмақ, ой-пикирлер айтыў, оның халықлық тәбиятын ашыў сыяқлы түрли проблемаларды қамтыйды. Усы машқалаларды ашыўда ҳәр бир илимпаздың өз илимий усылы болады.

Қ. Айымбетовтың ең ири илимий мийнетлеринен болған «Халық даналығы» (Нөкис, «Қарақалпақстан», баспасы, 1988-жылы баспадан шыққан. «Қарақалпақ фольклоры», «Өткен күнлерден елеслер» атлы үлкен әдебий, илимий, тарийхый мийраслар қалдырған. Қаллы Айымбетов тек қарақалпақ әдебияты майданында ғана емес Орта Азия халықлары фольклористикасындағы, улыўма аўқамлық көлемдеги тюрколог алым болып таныған инсан. Ол 1955-жылы «Қарақалпақстан дрматургиясы» деген

темада кандидатлық диссертация, 1965-жылы «Қарақалпақ жыршылары» деген темада докторлық диссертация жақлап шықты. Қ. Айымбетовтың Қарақалпақ фольклоры ҳәм әдебияты ҳаққында 30-жыллардан баслап «Қарақалпақ әдебияты ҳаққында», «Қарақалпақ әдебияты үлгилери», «Бердақтың дутары ҳаққында», «Қарақалпақ жыраў бақсылары», «Садық шайыр», «Қарақалпақ халық ойынлары», «Қарақалпақ фольклоры», «Қарақалпақ қосықларын жазып алыў ҳаққында», «Қарақалпақ совет драматургиясы», «Алпамыс» дәстаны ҳаққында», тағы да басқа мақалалары газета-журналлар бетлеринде, топламлары жарық көрди. Қ. Айымбетов қарақалпақ фольклорының 20 томлығын баспадан шығарыўға баслама салған болса, ҳәзирги күнде 100 томлығын басып шығарыў бойынша үлкен мийнетлер исленди. Қ. Айымбетовтың 150 атамаға жақын мақалалар, изертлеў жумыслары баспада жәрияланды.

Жуўмақлап айтқанда Қ. Айымбетов әдебий-илимий мийрасы ҳәм көркем шығармалары миллий романшылығымыздың раўажланыўында, онда халқымыздың үрип-әдетиниң, миллий өзиншелигиниң, өткен әсир басындағы қыян-кести ўақыялардың, тарийхый искерлердиң ҳәм руўҳый турмысымызда терең из қалдырған тулғалардың көркем образларының сүўретлениўинде тарийхый-этнографиялық ҳәм көркемлик дерек болғанлығын атап өтиўимиз керек. Улыўма, тарийхый ҳүжжетлердиң, мемуарлық эсселердеги мағлыўматлардың раўажланыўындағы тутқан орнын арнаўлы изертлеў көркем прозамыздың өзгешелигин буннан былай да анық белгилеўге жәрдем ететуғынлығы сөзсиз.

Қалли Айымбетов Москва, Санкт-Петербург, Казань, Уфа, Алма-Ата, Ташкент, Ашхабад, Баку ҳәм т.б. илимий орайларға белгили алым болды. Көрнекли устаз, атақлы ағартыўшы Қ. Айымбетов 1973-жылы 65-жасында қайтыс болады. Бирақ оның дөретиўшилиги қарақалпақ фольклористика илими тарийхы аспанының жарық жулдызларының бири болып қала береди.

**«Қарақалпақ фольклорының дарғасы»**

Мәлимлеме китапхана мәкемелеринде өткерилетуғын еслеў кешесиниң жол-жобасы

Халық даналығының тийкарын салыўшы, мәдениятымыздың усы бүгинги дәрежесине салмақлы үлес қосқан, әдебиятшы алым, филология илимлериниң докторы, профессор, миллий фольклор илиминиң тийкарын салыўшы, атақлы ағартыўшы Қалли Айымбетов быйыл 110—жасқа толады. Усы мүнәсибет пенен мәлимлеме китапхана орайы, мәлимлеме китапхана мекемелеринде еслеў кешелери шөлкемлестирилмекте. Кешени өткизиў ушын өткизилетуғын жерди жақсылап таярлық көриледи. Ол жерге Қалли Айымбетовтың өмири ҳәм дөретиўшилик мийнетлерин китап оқыўшыларға

кеңнен нәсиятлаўға шайырлар, профессорлар, жазыўшылар, тарийх муғаллимлер, илимпазлар, китап оқыўшылар ҳәм студент жаслар қатнасса болады.

**«Фольклористикамыздың белгили ғайраткери»**
атамасында китап көргизбесиниң жол-жобасы

Атақлы фольклоршы, қарақалпақ тил илиминиң, әдебиятының, мәдениятының, тарийхының раўажланыўына үлкен үлес қосқан алым, филология илимлериниң докторы, профессор Қалли Айымбетов быйыл 110-жасқа толмақта. Бул сәнеге бағышлап китапханаларда оның шығармалары тийкарында китап көргизбесин шөлкемлестириўди усыныс етемиз.

Бул көргизбемиздиң бас темасын **«Фольклористикамыздың белгили ғайраткери»** деп атағанды мақул көрдик. Китап көргизбемиз оқыўшыларға аңсат, түсиникли болыўы ушын көргизбемизди еки бөлимнен ибарат етиўди мақул көрдик.

1. бөлим: **«Бийбаҳа мийрас қалдырғаи алым»** деп аталып бул жерде атақлы ағартыўшы алым Қ. Айымбетов ҳаққында жазыўшыларымыз ҳәм шайырларымыздың жазылған материалларынан қойылса болады.
2. бөлим: **«Халық даналығының ғәзийнеси»** делинип бул бөлимге атақлы фольклоршы Қ. Айымбетовтың жазған шығармалары ҳаққында жазылған материаллардан қойылса болады.

**Пайдаланған әдебиятлар:**


1. Балажанова Д. Айымбетов – әдебиятымыз пидайысы. (Қалли Айымбетов 110-жаста). // Мәденият ҳәм спорт.-5-июль-2008.-№27-28
2. Нуржанов П. К. Айымбетов әдебий-илимий мийрасы ҳәм қарақалпақ романшылығы. // Еркин Қарақалпақстан-18-декабрь-2008-№152

3. Алымов Ә., Сейтжанова У. Қарақалпақ фольклор илиминиң тийкарын салыўшы (Қ. Айымбетов ҳаққында). // Еркин Қарақалпақстан-25-октябрь-2008-№129
4. Пахратдинов Ә. Атақлы фольклорист алым болды. (Қ.Айымбетов ҳаққында). // Еркин Қарақалпақстан-16-октябрь-2008-№125
5. Хожамуратова П. Халықаралық конференция болып өтти Қ. Айымбетовтың туўылғанына 100-жыл. // Еркин Қарақалпақстан-29-ноябрь-2008-№144
6. Утамбетов Б., Жарылқағанов Ә. Миллий мийрасымыздың жанкүйери (Қ. Айымбетов). // Еркин Қарақалпақстан-5-август-2004-№94
7. Аймурзаев Б., Алымов Ә. Халық даналығының ғәзийнеси (Қ. Айымбетов ҳаққында). // Әмиўдәрья-1977-№8-б.126-128
8. Аймурзаев Ж. Хош бол, Қалли аға. //Әмиўдәрья-1973-№4-б.122-123
9. Алламберғенов К. Қалли Айымбетов публицист-жазыўшы (Қ. Айымбетов 80-жаста). //Әмиўдәрья-1988-№7-б.109-110
10. Әдебий сәне. Қ. Айымбетов 90-жаста. //Әмиўдәрья-№3
11. Байниязов К. Фольклорстикамыздың белгили ғайраткери Қ. Айымбетов. //Әмиўдәрья-1978-№6-б.102-108
12. Бәўетдинова С. Сөзи орынлы алым қарақалпақ фольклоры ҳаққында (Қ. Айымбетов). // Еркин Қарақалпақстан-1999-5-январь-№2
13. Камалов К. Көп жулдыз ишинде бир жулдыз жанар (Қ. Айымбетов ҳаққында). // Еркин Қарақалпақстан-1994-23-июль
14. Мәмбетов К. Қарақалпақ фольклорының дарғасы. Қ. Айымбетовтың 90-жыллығы. // Еркин Қарақалпақстан-1998-30-июль.
15. Салабаев М., Ахметов А. Бийбаҳа мийрас қалдырған алым Қ. Айымбетов 90-жаста. // Еркин Қарақалпақстан-1998-11-апрель-№43.

Қолланбаны жазған: Атағуллаева М.
Редакторлаған: Танирбергенова В.